


NEWARK ENROLLS

YON CHWA POU TOUT ELÈV

PWOSESIS ENSKRIPSYON POU 2024-2025

YON GID POU FANMI AK ELÈV K AP APLIKE POU LEKÒL PIBLIK NAN NEWARK YO



Anna DaSilva, 8yèm Ane
Oliver Street Elementary School

LÈT DIREKTÈ JENERAL LA EKRI

Chè Fanmi Newark yo,

Mwen vrèman kontan pataje avèk nou nevyèm edisyon anyèl gid eskolè Newark Enrolls la. Pou chak lekòl, n ap jwenn yon pwofil yon paj ki ba nou enfòmasyon enpòtan konsènan lekòl ki nan pwosesis enskripsyon entegre nou an. Nou vrèman kontan pou n kontinye patenarya nou an avèk SchoolMint la, ki li menm se platfòm anliy nou an ki rann aplikasyon anliy la vin pi senp. Menm si pwosesis jeneral la pa chanje, nou te gen posiblite pou n pwofite fonksyonalite mobil avanse yo, yon zouti fasil pou fè rechèch lekòl ak yon pwosesis enskripsyon anliy senplifye. Tank patenarya nou genyen ak SchoolMint lan ap kontinye, se tank n ap vini ak plis fonksyonalite toujou.

Gid eskolè ane sa a ap genyen ladan l:

- Yon paj konplè ki gen enfòmasyon ki adapte a fanmi pou lekòl Jadendanfan rive nan 12yèm ane.
- Detay sou espò, klèb, patenarya kominotè, ak aktivite avan epi aprè klas.
- Bon jan kalite done pèfòmans akademik (tankou rezilta NJSLA; kantite moun ki gradye nan lekòl segondè, elatriye.)

Nou espere gid eskolè sa a pral ede w chwazi lekòl ki ofri pi bon edikasyon ki te ka genyen pou pitit ou epi ede yo reyisi.

Mete sou sa, pandan ane pase yo nou te jwenn opinyon fanmi, elèv, edikatè ak lidè nan kominote yo sou kijan pou nou amelyore pwosesis enskripsyon an epi asire nou sa mache pou ou. Nou vrèman apresye opinyon ou yo epi nou kontinye ap pote amelyorasyon nan fason ki ekri pi ba yo:

- Nou te mete aplikasyon anliy la ajou pou fanmi yo ranpli l pi rapid epi pi fasil.
- Nou te amelyore korespondans frè ak sè yo pou asire n timoun ki frè ak sè yo nan menm lekòl, depi sa posib.
- Priyorite sou preferans jewografik ki amelyore yon fason pou asire n tout timoun (ki rete nan zòn nan) jwenn plas nan lekòl zòn nan an premye, anvan timoun ki soti lòt kote yo.
- Asistans elaji nan telefòn epi an pèsòn, kote sa aplikab.

Fanmi ki enterese pou patisipe nan pwosesis enskripsyon an ta dwe ale sou sit entènèt www.newarkenrolls.org pou yo:

- Patisipe nan Fwa Eskolè ki ap fèt nan dat 4 Novanm 2023 a
- Aprann konsènan chwa lekòl ki genyen gras ak nouvo zouti pou chèche lekòl la
- Gade yon kalandriye ki gen ladan l evènman pòt ouvèt vityèl ansanm ak aktivite enskripsyon ki fèt nan lekòl yo atravè tout vil la
- Veye yon aplikasyon ale pou timoun yo

Tanpri sonje si w pa gen pwoblèm ak lekòl pitit ou ye kounye a epi gen klas oswa pwogram yo pral mete nan lekòl sa, ou pa bezwen fini pwosesis aplikasyon an Pitit ou ap kontinye enskripsyon an nan lekòl li ye aktyèlman an otomatikman.

Men dat pwosesis aplikasyon yo:

- 4 Novanm 2023 - Peryòd aplikasyon an ap kòmanse a 3:00 P.M.
- 2 Novanm 2024 - Peryòd aplikasyon an ap kòmanse a 11:59 P.M.
- 9 ak 16 Fevriye 2024 - Tès admisyon pou elèv 8yèm ane NBOE yo
- 10 ak 17 Fevriye 2024 - Tès admisyon pou elèv 8yèm ane ki pa nan lekòl NBOE

Se vre nou konnen ane lekòl sa a vrèman diferan parapò ak lòt ane yo, n ap remèsye w pou koutmen pa w, epi n ap kontan kontinye soutni ou menm ak pitit ou toutpandan w ap gade bonjan opsyon lekòl ki genyen pou ane akademik 2024-2025 la.

Ak tout senserite,



Roger León
Direktè Jeneral
Konsèy Edikasyon Newark

UTILIZASYON GID LA - CHWAZI YON LEKÒL

Byenvini nan gid eskolè Newark Enrolls la!

Objektif gid sa a se ba ou enfòmasyon k ap ede w chwazi yon lekòl pou pitit ou (yo) nan vil Newark gras ak pwosesis demann enskripsyon global Newark Enrolls la. Selon kantite lekòl k ap patisipe nan tout vil la, tout fanmi gen posiblite pou chwazi lekòl k ap bon pou pitit yo nan prèske tout lekòl ki nan Newark.

Kijan pou kòmanse chwazi yon lekòl?

Gid sa a kapab ede w byen kòmanse! Reflechki ak pwèn sa yo:

Kisa pitit ou pi renmen nan lekòl? Ki kalite esperyans ou vle pitit ou fè lekòl la?	<ul style="list-style-type: none">Newark bay yon pakèt chwa lekòl. Yo ekri gid sa a pou ba ou yon apèsi sou rigè akademik ak tout posiblite avan e aprè klas chak lekòl bay. Chak lekòl gen yon pwofil ki chaje ak enfòmasyon.Liv sa a gen ladan lekòl piblik distri (se Konsèy Edikasyon Newark la ki jere yo) ak anpil lekòl kominotè (se òganizasyon ki endepandan k ap jere lekòl sa yo, men yo respekte menm egzijans ak lekòl distri yo nan nivo edikasyon) men se pa tout. Kèk nan lekòl kominotè sa yo pa patisipe nan pwosesis demann enskripsyon global Newark Enrolls la, kidonk yo pa mete yo nan gid sa a.
Èske pitit ou a gen nenpòt bezwen espesyal?	<ul style="list-style-type: none">Jwenn enfòmasyon konsènan aksè fizik ak edikasyon espesyal yo nan paj 15.Jwenn enfòmasyon konsènan pwogram bileng/Anglè a nan paj 10.Jwenn enfòmasyon konsènan founisè preskolè ansanm ak founisè NBOE yo (toulede ofri menm pwogram nan pou timoun preskolè yo) nan www.newarkenrolls.org.
Enfòmasyon pratik: Ki kote lekòl la ye? Konbyen tan sa ap pran pou rive lekòl la? Eske gen pwogram avan oswa apre lekòl ki disponib?	Jwenn tout enfòmasyon sa yo sou pwofil chak lekòl, anlè epi nan pati adwat paj la. Ale sou Zouti rechèch lekòl nou an nan: www.newarkenrolls.org
Vizite lekòl la!	Ou toujou gen opsyon pou w fè yon vizit lekòl la. Pou chwazi yon lekòl, sa kapab (epi l ta dwe) mande plis enfòmasyon pase sa ki nan liv sa a. Pale avèk manm direksyon yo epi vizit ou lekòl la, se bagay ki kapab fè w jwenn anpil enfòmasyon, epi nou ankouraje w fè sa. Tanpri rele lekòl la pou planifye yon vizit lekòl la. W ap jwenn nimewo telefòn lekòl yo sou paj pwofil chak lekòl ki nan gid sa a.
Chwazi pou pi plis 8 sa ki pi bon yo epi voye yon aplikasyon ale sou www.newarkenrolls.org	Pou w ka voye yon aplikasyon, pou ane lekòl 2024-2025 a, verifye enfòmasyon sa a: <ul style="list-style-type: none">Èske lekòl la patisipe nan Newark Enrolls? (Tout lekòl NBOE yo ak pifò lekòl kominotè patisipe ladan l.) Lekòl kominotè ki pa patisipe yo ap mande lòt aplikasyon. Tanpri kontakte lekòl la dirèkteman.Peryòd aplikasyon pou pwochen ane lekòl la ap 4 Novanm 2023 pou rive 2 Janvyè 2024.

KESYON MOUN KONN POZE PI SOUVAN KONSÈNAN PWOSESIS NEWARK ENROLLS LA

Ale sou www.newarkenrolls.org pou jwenn dènye enfòmasyon sou aplikasyon, enfòmasyon sou kesyon moun konn poze pi souvan, ak enfòmasyon sou règleman korespondans.

1. Èske elèv mwen an ap jwenn premye lekòl li chwazi a?

- Sèl rezon ki te ka fè yon elèv Newark pa antre nan premye lekòl li chwazi a se si lekòl la pa gen ase plas pou tout moun ki aplike yo.
- Lè yon elèv pa antre nan premye lekòl li chwazi a, pwosesis korespondans lan ap mete lekòl ki nan lis elèv la anba yon fason pou mete elèv sa nan lekòl ki gen plas disponib k ap pi bon pou li a.

2. Konbyen fanmi ki jwenn premye lekòl yo chwazi yo?

- Ane pase, se te 83% nan tout elèv Newark ki te antre nan youn nan 3 premye chwa lekòl yo te fè yo.
- Ane pase, se te 87% nan elèv 9yèm ane yo ki te antre nan youn nan 3 premye chwa lekòl yo te fè yo.

3. Èske elèv mwen an kapab antre nan yon lekòl ki pa afiche nan aplikasyon li a?

- Nan kèk ka ki pa rive fasil, si yon elèv bezwen yon nouvo lekòl epi se sèlman youn oswa de lekòl li genyen nan lis la, elèv la kapab ale nan lekòl ki nan zòn li a si kantite moun ki aplike a depase kantite plas ki disponib nan lekòl li chwazi yo.
- Yo p ap janm voye moun ki aplike yo nan yon lekòl kominotè amwenske yo mete lekòl sa nan aplikasyon yo a.

4. Mwen t ap renmen pitit mwen yo ale nan menm lekòl ak frè ak sè yo. Kisa m ta dwe fè?

- Apre eksepsyon ki fèt pou kèk lekòl espesyalize, moun ki aplike ki gen frè oswa sè ki toujou lekòl la gen anpil priyorite nan lekòl la.
- Frè ak sè ki aplike nan menm moman gen priyorite pou yo ale nan menm lekòl. Si youn nan elèv yo ale nan yon lekòl, frè oswa sè li (yo) kapab chwazi ale nan menm lekòl la.

5. Kijan preferans zòn nan fonksyone?

- Frè ak sè gen priyorite pou jwenn premye plas nan lekòl sa yo. Timoun k ap viv nan zòn nan gen priyorite pou jwenn lòt plas ki rete yo.

6. Kijan pwosesis pou jwenn lekòl espesyalize a fonksyone?

- Lekòl espesyalize distri yo gen kondisyon pou moun antre ladan yo. Lekòl sa yo klase tout moun ki aplike yo selon plizyè kondisyon diferan tankou rezilta egzamen nòmal yo, mwayèn ak prezans. Gen kèk lekòl ki kapab egzije tou yon odisyon oswa yon entèvyou.
- Tout elèv yo kapab aplike pou antre nan yon lekòl espesyalize.
- Frè ak sè pa gen priyorite nan lekòl espesyalize yo.
- **Tanpri gade enfòmasyon sou kondisyon yo mete pou lekòl espesyalize yo sou paj akGen I sit entènèt lekòl la.**

Lekòl Segondè Ekselans NBOE	
American History High School Arts High School Bard Early College High School	Science Park High School Technology High School University High School
Lekòl Segondè Espesyalize NBOE	
Eagle Academy for Young Men Newark School of Data Science & Information Technology Newark School of Fashion & Design	Newark School of Global Studies Newark Vocational High School

***Tanpri asire w tout timoun ou yo nan yonsèl kont SchoolMint.**

Etap 1

4 NOVANM - 2 FEVRIYE

Kiyès ki ta dwe ranpli yon aplikasyon?

- Elèv k ap enskri nan lekòl pou premye fwa.
- Elèv ki nan dènye klas nan lekòl yo ye kounye a epi ki bezwen yon nouvo lekòl pou lòt ane.
- Elèv ki bezwen chanje lekòl yo pou lòt ane.

Kijan fanmi yo ap fè konnen ki lekòl ki koresponn avè yo?

- Fanmi yo kapab konekte sou kont Newark Enrolls yo a si yo te voye yon aplikasyon ale sou entènèt nan www.newarkenrolls.org.
- Fanmi yo kapab aprann tou nan ki etap aplikasyon yo a ye pou lekòl yo chwazi kounye a.
- N ap voye yon imèl ba ou oswa yon mesaj tèks pou n fè w konnen ki lekòl ki koresponn avè w.

Etap 2

MITAN AVRIL

Etap 3

FEN AVRIL - JEN

Enskripsyon Lekòl

Lè w resevwa yon lekòl ki koresponn avè w:

- Ou dwe enskri pandan w ap ranpli pake aplikasyon ki nan SchoolMint lan.

KONSÈY POU APLIKE

RANPLI APLIKASYON AN ANLIY

ETAP 1: Ale sou sit entènèt Newark Enrolls la:

- www.newarkenrolls.org

ETAP 2: Asire w gen aksè nan kont School Mint ou an.

Ou bezwen yon kont? Mande youn nan www.newarkenrolls.org

ETAP 3: Fin ranpli aplikasyon an anvan **2 Fevriye 2024** ki se dat limit lan.

Si ou bezwen èd tanpri kontakte lekòl pitit ou ladan l aktyèlman an.

KONSÈY POU APLIKE



Voye aplikasyon w lan ale pandan peryòd enskripsyon an avan 2 Fevriye!

- Tout fanmi ki aplike pandan peryòd sa a ap gen menm chans pou jwenn plas nan lekòl yo.
- Fanmi ki aplike apre dat limit pou voye aplikasyon an ap sèlman gen aksè nan lekòl ki rete plas vid yo.



Mete lekòl ou vle yo nan aplikasyon an selon sa w pi pito.

• **Mete tout kalite lekòl nan aplikasyon w lan.**

- Pou elèv lekòl segondè yo, asire w ou mete lekòl ki koresponn ak enterè timoun ou an genyen yo.
- Tout lekòl espesyalize yo klase elèv yo selon pwofil akademik yo, sa gen ladan mwayèn, prezans ak rezilta egzamen. Nan kèk sikonstans, yo konn mande yon odisyon, yon egzamen alekri oswa yon entèvyou.



Verifye konbyen tan sa ap pran pou ale nan lekòl ki nan lis ou a.

• **Asire w ou planifye pou transpò pou chak, piske yo ka voye w nan nenpòt lekòl ki nan aplikasyon w lan.**

- Elèv ki nan 8yèm ane oswa nan klas pi ba yo, kalifye pou resevwa tikè bis New Jersey Transit si yo rete pi lwen pase **2 mil** distans parapò ak lekòl la.
- Elèv ki nan 9yèm ane oswa nan klas pi ba yo, kalifye pou resevwa tikè bis New Jersey Transit si yo rete pi lwen pase **2.5 mil** distans parapò ak lekòl la.

Alee sou www.newarkenrolls.org pou jwenn dènye enfòmasyon sou kalandriye aplikasyon an, kesyon moun konn poze pi souvan, ak resous.

REZIME SOU DONE DISTRI YO

ENSKRIPSYON ELÈV (2022-2023)

Klas	Enskripsyon	Pousantaj Kantite Total Enskripsyon
Preskolè	2,337	6.2%
Jadendanfan rive 8yèm ane	24,461	64.5%
9yèm rive 12yèm ane	11,113	29.3%
Enskripsyon total	37,911	100%

RAS AK GWROUP ETNIK ELEV (2022-2023)

Ras ak Gwoup Etnik	Enskripsyon	Pousantaj Kantite Total Enskripsyon
Ispanik	19,341	51.0%
Nwa oubyen Ameriken Nwa	14,731	38.8%
Blan	3,190	8.4%
Azyatik	336	<1%
Awayen dorijin Zile Pasifik yo	92	<1%
Endyen Ameriken oubyen Natif Natal Alaska	145	<1%
Pa Presize	76	<1%
Enskripsyon total	37,911	100%

REVNI FANMI (2022-2023)

Estatu Sibvansyon pou Manje	Enskripsyon	Pousantaj Kantite Total Enskripsyon
Manje Midi Gratis	28,377	74.8%
Rabè sou Pri Manje Midi	2,854	7.6%
Manje midi peye (Revni depase limit pou moun kalifye a)	6,680	17.6%
Enskripsyon total	37,911	100.0%

LÒT KARAKTERISTIK DEMOGRAFIK (2022-2023)

Klasman moun ki andikape	Enskripsyon	Pousantaj Kantite Total Enskripsyon
Edikasyon Espesyal	6,583	17.4%
Moun ki pa pale anglè	8,301	22.0%

*Gen yon kantite elèv yo deziyen ki bezwen sèvis ni Edikasyon Espesyal ni Aprantisaj Lang Anglè

LÒT REZILTA ELÈV YO (2022-2023)

Mezi	Pousantaj
Mwayèn Prezans chak jou	94.2%
Pousantaj Elèv ki te Toujou Absan (ki rate 10% oswa plis nan kantite jou lekòl yo)	13.2%
Kantite moun ki gradye apre 4 lane	85.7%*

*Kantite moun yo prevwa k ap gradye Pwosedi demann diplòm yo toujou gen revizyon k ap fèt sou yo nan Eta a.

KIJAN POU LI PAJ PWOFIL LEKÒL YO

TIT	ENFÒMASYON	
Plas ki Disponib	Nivo Eskolè Debitan	Klas (nivo eskolè) kote lekòl la admèt majorite elèv li yo ak/oswa klas (nivo eskolè) lekòl la kòmanse ladan l lan.
	Kantite Plas ki gen nan Nivo Eskolè Debitan an	Kantite plas ki disponib nan nivo eskolè debitan ane sa a.
	Pousantaj moun ki aplike ki mete lekòl sa a nan lis yo an premye epi yo voye nan lekòl sa a.	Pousantaj elèv ki mete lekòl la nan pozisyon #1 nan aplikasyon yo epi yo voye yo nan lekòl la. Pa egzanp, si kantite a se 75%, sa vle di se sèlman 75% elèv ki mete lekòl nan pozisyon #1 yo te voye nan lekòl la.
Lòt Enfòmasyon sou Lekòl la	Mwayèn Prezans chak jou	Pou lekòl distri yo, nou te kalkile mwayèn prezans chak jou a lè nou ajoute tout jou prezans pou tout elèv yo epi nou divize l pa tout jou elèv yo fè lekòl la. Pou lekòl kominotè yo, se yo menm ki bay enfòmasyon sa a poukont yo.
	Pousantaj elèv ki toujou absan yo	Pousantaj elèv ki absan selon kalandriye pou nenpòt rezon. Pa egzanp, absans motive, absans ki pa motive, elatriye. padan ane lekòl 2022-2023 la. Elèv ki toujou absan yo se elèv ki pa vini pandan 10% oswa plis nan kantite jou ki planifye pou ane lekòl la. Pou lekòl kominotè yo, se yo menm ki bay enfòmasyon sa a poukont yo.
Pousantaj elèv ki te fè bon nòt ak nòt ki depase NJSLA	Klas Lang Anglè Matematik	NJSLA: New Jersey mande pou elèv yo pase tès evalyasyon NJSLA a. Egzamen sa yo fèt pou detèmine nivo konpetans - yon mezi ki detèmine si yon elèv metrize estanda Eta a gen pou konesans ak konpetans pou nivo klas li ye aktyèlman la a. Pousantaj la reprezante kantite elèv ki fè "bon" nòt oswa ki fè plis pase sa a pou egzamen NJSLA 2022-2023 a.
Efektif Mwayèn Seksyon yo		Pou klas segondè yo, yo kalkile efektif mwayèn seksyon an selon kantite elèv ki gen nan chak seksyon, pandan n ap wete seksyon otonòm, seksyon manje ak seksyon anliy yo. Seksyon ki melanje ansanm epi ki gen menm pwofesè k ap anseye yo.
Aksè a Teknoloji	Kantite Chromebooks pou chak lekòl	Rezilta kalkil ki fèt nan rejis entèn pou aktif teknoloji distri yo.
To Gradyasyon yo	Kantite moun ki gradye apre 4 lane	Pousantaj elèv ki te antre lekòl la nan 9yèm ane, 4 lane anvan sa (Otòn 2019) epi ki gradye an 2023. Gwoup sa a gen ladan tou transfè nan lekòl la epi li pa genyen elèv y ap transfere voye nan yon lòt lekòl. Pou lekòl kominotè yo, se yo menm ki bay enfòmasyon sa a poukont yo.
Kantite Enskripsyon apre Etid Segondè	Pousantaj total ki enskri	Sa a reprezante pousantaj etidyan ki gradye nan lekòl segondè ki enskri nan yon enstitisyon apre lekòl klasik. Enfòmasyon ki disponib yo soti nan rapò sou pèfòmans Depatman Edikasyon New Jersey te pibliye pou ane 2022-2023 an. Dènye done ki disponib yo baze sou gwoup elèv ki gradye 16 mwa anvan sa a (sa vle di done ane eskolè 2022-23 yo baze sou gwoup elèv gradye pou 2022 yo).
	Pousantaj moun ki enskri pou fòmasyon 2 zan nan inivèsite	Sa a reprezante pousantaj elèv ki gradye nan lekòl segondè ki te enskri nan yon pwogram apre lekòl klasik ki dire de lane pami tout elèv ki te enskri nan yon pwogram edikasyon apre lekòl klasik nenpòt kategori.
	Pousantaj moun ki enskri pou fòmasyon 4 lane nan inivèsite	Sa a reprezante pousantaj elèv ki gradye nan lekòl segondè ki te enskri nan yon pwogram apre lekòl klasik ki dire kat lane pami tout elèv ki te enskri nan yon pwogram edikasyon apre lekòl klasik nenpòt kategori.
Enfòmasyon sou pwofesè	Pousantaj pwofesè k ap travay NBOE pandan 5 an oswa plis.	Pousantaj pwofesè ki gen senk lane eksperyans oswa plis nan fen ane eskolè 2022-23 an. Endikatè sa a pa pran an kont eksperyans moun pran lòt kote si se pa nan NPS. Pozisyon yo gen ladan tout manm kò ansèyman an (sa vle di tout moun yo evalye k ap bay Ansèyman Efikas) nan espas lekòl yo. Manm kò ansèyman yo kapab se pwofesè tout matyè yo ak espesyalis entèvansyon akademik yo. Endikatè sa a pa pran administratè yo an kont.
	Pousantaj pwofesè Trè Efikas ak pwofesè Efikas soti nan ane eskolè 2022-23 pou rive ane eskolè 2023-24	Pousantaj pwofesè nan ane akademik anvan an (2022-23) ki toujou anplwaye antanke pwofesè nan menm lekòl la pandan ane akademik sa a (2023-24) ki te resevwa evalyasyon efikas oswa trè efikas. Endikatè sa yo dekri kantite elèv ki rete nan lekòl la. Li pa dekri sa ki fèt nan distri a.
	Rapò Elèv-Pwofesè	Kantite elèv ki enskri pou pwofesè sètifye. Yo defini elèv yo kòm moun ki enskri aktivman pandan ane eskolè 2023-24 la. Yo defini pwofesè yo kòm anplwaye ki, apati jen 2023, vin gen sètifikasyon pou pwofesè epi gwoup sa gen ladan l espesyalis entèvansyon akademik ak pwofesè yo.
	Pousantaj pwofesè ki gen yon fòmasyon avanse	Pousantaj pwofesè nan chak lekòl ki gen yon metrize oswa yon doktora kòm pi gwo nivo edikasyon. Enfòmasyon sa a soti nan rapò sou Pèfòmans NJDOE pou ane 2021-22 an.

SITASYON

- I. Paj entènèt enfòmasyon sou NBOEOE, rechèch ak Evalyasyon NBOE: <http://www.nps.k12.nj.us/departments/data-research>
- II. Rapò sou Pèfòmans Lekòl Depatman Edikasyon New Jersey
- III. Lekòl kominotè yo te bay enfòmasyon an poukont yo



ENFÒMASYON ANPLIS

Kreyatè Zèv Atistik Ia: Yesica Canales, 12yèm Ane, Bard High School Early College

PWOSESIS IDANTIFIKASYON POU MOUN K AP APRANN LANG ANGLÈ YO

Pou byen idantifye ak asiste elèv k ap aprann lang anglè yo, Depatman Edikasyon New Jersey a devlope yon pwosesis idantifikasyon tout distri yo dwe respekte.

Tout paran/responsab ap ranpli yon Sondaj pou Lang yo Pale Lakay (Home Language Survey, HLS) ki chita kò l nan aplikasyon SchoolMint. HLS lan ap ede nan idantifye si yon elèv ka tounen yon Moun k ap aprann lang anglè. Pwofesè Evalyasyon Bezwen Bileng (Bilingual Needs Assessment Teacher, BNAT) lekòl la revize HLS la.



Yonfwa yo idantifye yon elèv kòm yon Moun K ap Aprann Lang Anglè, BNAT la ap fè yon revizyon dosye elèv la pandan Pwosesis Revizyon Dosye a.



Si Pwosesis Revizyon Dosye yo kontinye remake elèv la tounen yon Moun k ap Aprann Lang Anglè, yo pral evalye elèv la gras avèk WIDA Screener an. WIDA Screener an abòde espesyalman nivo konpetans nan lang anglè elèv yo.



BNAT lekòl la ap fè paran/responsab elèv ki pase tèl yo jwenn enfòmasyon sou nòt elèv yo ansanm ak elijibilite yo pou sèvis aprantisaj Lang Anglè yo gras ak WIDA Screener epi menm paran sa yo ap resevwa enfòmasyon sou pwogram nan BNAT lekòl la ap fè yo jwenn epi yo pral mete sèvis sa yo disponib.

DESKRIPSYON PWOGRAM LAN

Dapre Kòd Administrasyon Edikasyon Bileng New Jersey a, Komisyon Edikasyon Newark la ofri pwogram bileng sa yo pou Elèv k ap Aprann Anglè nan objektif pou sipòte siksè lengwistik ak akademik nan plis pase yon lang.

Kategori Pwogram yo

Ansèyman Bileng Tranzitwa

Yon Pwogram Ansèyman Bileng Tranzitwa ofri ansèyman pou elèv k ap aprann lang anglè yo gras ak lang anglè epi ak lang natif natal elèv yo pou alfabetizasyon ak ansèyman akademik, ansanm ak objektif konpetans nan lang ak siksè akademik nan lang anglè.

Pwogram sa yo souvan disponib sòti nan klas jadendanfan rive nan douzyèm ane.

Ansèyman Bileng Tranzitwa - A tan Plen

- Ansèyman pou pale, tandè, lekti, ak ekriti nan lang natal Apranti Lang Anglè an nan sijè esnasyèl yo.
- Ede elèv yo vin gen bonjan kapasite nan lang Anglè, epi tou pou yo gen konesans sou kontni yo nan lide pou respekte Estanda Aprantisaj Elèv New Jersey yo.
- Omwen 1 peryòd klas Anglè antanke Dezyèm Lang (ESL) chak jou.

Ansèyman Bileng Tranzitwa - A tan Pasyèl

- Yon altènativ pwogram kote elèv yo gen yon kantite klas anglè òdinè yo asiyen elèv yo, men kote tou yo pwograme yo chak jou pou lekti devlopmantral ak ansèyman matematik atravè yon pwofesè bileng ki sètifye.
- Elèv yo ap benefisye tou omwen 1 peryòd kou Anglè antanke Dezyèm Lang (ESL) chak jou.

Anglè antanke Dezyèm Lang

- Yon pwogram pou ansèyman dezyèm lang ki fèt chak jou ki ap dire omwen 1 peryòd ansèyman konpreyansyon, pale, lekti, ak ekriti nan lang Anglè gras ak teknik ansèyman dezyèm lang yo, epi li entegre aspè kiltirèl eksperyans elèv yo nan ansèyman anglè antanke dezyèm lang y ap resevwa a.

Anglè antanke Dezyèm Lang, Nivo Entansif

- Yon pwogram altènativ kote elèv yo resevwa de oswa plis peryòd klas chak jou ansèyman Anglè antanke Dezyèm Lang (ESL). Yon peryòd se yon klas ESL estanda, epi lòt peryòd la se yon leson patikilye oswa klas lekti ESL.

Ansèyman Ranfòse

- Yon pwogram altènativ kote elèv yo ap resevwa omwen 1 peryòd kou Anglè antanke Dezyèm Lang (ESL) chak jou.
- Pwofesè ki nan salklas Ansèyman Ranfòse yo se pwofesè ki sètifye nan kad kontni sa yo epi ki te resevwa fòmasyon sou estrateji pou rann kontni ki nan matyè yo pi koyeran, enpòtan sou plan kiltirèl, epi konpreyansib pou Elèv k ap aprann Anglè yo.

PWOGRAM EDIKASYON BILENG/ANGLÈ

Tanpri sonje sa yo se matye k ap chanje pou ane eskolè 2024-2025 an. Tanpri ale sou www.newarkenrolls.org pou jwenn dènye enfòmasyon sou disponiblite pwogram yo.

KÒD LEKÒL LA	NON LEKÒL LA	PANYÒL	PÒTIGÈ	FRANSÈ	KREYÒL AYISYEN	ANSÈYMAN LANG ANGLÈ ANTANKE DEZÈM LANG A NIVO ENTANSIF	ANSÈYMAN RANFÒSE
CENTRAL WARD							
060	Camden Street Elementary School						Jadendanfan rive 8yèm ane
117	Nelson Mandela Elementary School	Jadendanfan rive 4yèm ane (A tan plen)				Jadendanfan rive 4yèm ane	
089	Quitman Street Elementary School						Jadendanfan rive 8yèm ane
159	Thirteenth Avenue Elementary School						Jadendanfan rive 8yèm ane
EAST WARD							
049	Ann Street Elementary School	Jadendanfan rive 8yèm ane (A tan plen)	Jadendanfan rive 8yèm ane (A tan plen)			Jadendanfan rive 8yèm ane	
115	East Ward Elementary School	Jadendanfan rive 7yèm ane (A tan plen)	Jadendanfan rive 7yèm ane (A tan plen)			Jadendanfan rive 7yèm ane	
075	Hawkins Street Elementary School	Jadendanfan rive 8yèm ane (A tan plen)	Jadendanfan rive 8yèm ane (A tan plen)			Jadendanfan rive 8yèm ane	
112	Ironbound Academy Elementary School	Jadendanfan rive 6yèm ane (A tan plen)				Jadendanfan rive 6yèm ane	
077	Lafayette Street Elementary School	Jadendanfan rive 8yèm ane (A tan plen)	Jadendanfan rive 8yèm ane (A tan plen)			Jadendanfan rive 8yèm ane	
087	Oliver Street Elementary School	Jadendanfan rive 8yèm ane (A tan plen)	Jadendanfan rive 8yèm ane (A tan plen)			Jadendanfan rive 8yèm ane	
093	South Street Elementary School	Jadendanfan rive 8yèm ane (A tan plen)	Jadendanfan rive 8yèm ane (A tan plen)			Jadendanfan rive 8yèm ane	
105	Wilson Avenue Elementary School	Jadendanfan rive 8yèm ane (A tan plen)	Jadendanfan rive 8yèm ane (A tan plen)			Jadendanfan rive 8yèm ane	
NORTH WARD							
046	Abington Avenue Elementary School	Jadendanfan rive 8yèm ane (A tan plen)				Jadendanfan rive 8yèm ane	
074	Dr. E. Alma Flagg Elementary School	Jadendanfan rive 8yèm ane (A tan plen)				Jadendanfan rive 8yèm ane	
073	Dr. William H. Horton Elementary School	Jadendanfan rive 8yèm ane (A tan plen)				Jadendanfan rive 8yèm ane	
068	Elliott Street Elementary School	Jadendanfan rive 8yèm ane (A tan plen)				Jadendanfan rive 8yèm ane	
070	First Avenue Elementary School	Jadendanfan rive 8yèm ane (A tan plen)				Jadendanfan rive 8yèm ane	
072	Franklin Elementary School	Jadendanfan rive 8yèm ane (A tan plen)				Jadendanfan rive 8yèm ane	
057	Luis Muñoz Marin Elementary School	Jadendanfan rive 8yèm ane (A tan plen)				Jadendanfan rive 8yèm ane	
081	McKinley Elementary School	Jadendanfan rive 3yèm ane (A tan plen)				Jadendanfan rive 8yèm ane	
050	Park Elementary School	Jadendanfan rive 8yèm ane (A tan plen)				Jadendanfan rive 8yèm ane	
095	Rafael Hernández Elementary School	Jadendanfan rive 3yèm ane (A tan plen)				Jadendanfan rive 8yèm ane	
090	Ridge Street Elementary School	Jadendanfan rive 8yèm ane (A tan plen)				Jadendanfan rive 8yèm ane	
099	Roberto Clemente Elementary School	Jadendanfan rive 8yèm ane (A tan plen)				Jadendanfan rive 8yèm ane	
014	Salomé Ureña Elementary School	Jadendanfan rive 8yèm ane (A tan pasyèl)				Jadendanfan rive 8yèm ane	
101	Sussex Avenue Elementary School	Jadendanfan rive 8yèm ane (A tan plen)				Jadendanfan rive 8yèm ane	
SOUTH WARD							
051	Avon Avenue Elementary School						Jadendanfan rive 8yèm ane
062	Chancellor Avenue Elementary School						Jadendanfan rive 8yèm ane
163	George Washington Carver Elementary School						Jadendanfan rive 8yèm ane
145	Louise A. Spencer Elementary School	Jadendanfan rive 8yèm ane (A tan plen)				Jadendanfan rive 8yèm ane	
088	Peshine Avenue School						Jadendanfan rive 8yèm ane

PWOGRAM EDIKASYON BILENG/ANGLÈ

Tanpri sonje sa yo se matye k ap chanje pou ane eskolè 2024-2025 an. Tanpri ale sou www.newarkenrolls.org pou jwenn dènye enfòmasyon sou disponiblite pwogram yo.

KÒD LEKÒL LA	NON LEKÒL LA	PANYÒL	PÒTIGÈ	FRANSÈ	KREYÒL AYISYEN	ANSÈYMAN LANG ANGLÈ ANTANKE DEZYÈM LANG A NIVO ENTANSIF	ANSÈYMAN RANFÒSE
WEST WARD							
078	Lincoln Elementary School						Jadendanfan rive 8yèm ane
110	Ivy Hill Elementary School				Jadendanfan rive 8yèm ane (A tan pasyèl)	Jadendanfan rive 8yèm ane	
085	Mount Vernon Elementary School	Jadendanfan rive 8yèm ane (A tan plen)				Jadendanfan rive 8yèm ane	
LEKÒL SEGONDÈ							
043	American History High School						9yèm rive 12yèm ane
026	Arts High School					9yèm rive 12yèm ane	
011	Bard High School Early College						9yèm rive 12yèm ane
027	Barringer High School	9yèm rive 12yèm ane (A tan plen)				9yèm rive 12yèm ane	
028	Central High School	9yèm rive 12yèm ane (A tan pasyèl)		9yèm rive 12yèm ane (A tan pasyèl)		9yèm rive 12yèm ane	
040	Eagle Academy for Young Men of Newark						9yèm rive 12yèm ane
030	East Side High School	9yèm rive 12yèm ane (A tan plen)	9yèm rive 12yèm ane (A tan plen)			9yèm rive 12yèm ane	
031	Malcolm X Shabazz High School	9yèm rive 12yèm ane (A tan plen)					
010	Newark School of Data Science & Information Technology					9yèm rive 12yèm ane	
013	Newark School of Fashion & Design						9yèm rive 12yèm ane
020	Newark School of Global Studies						9yèm rive 12yèm ane
041	Newark Vocational High School					9yèm rive 12yèm ane	
025	Science Park High School						9yèm rive 12yèm ane
038	Technology High School						9yèm rive 12yèm ane
024	University High School						9yèm rive 12yèm ane
033	Weequahic High School						9yèm rive 12yèm ane
034	West Side High School						9yèm rive 12yèm ane
LEKÒL ESPESYALIZE							
058	Bruce Street School for the Deaf						Jadendanfan rive 8yèm ane
107	John F. Kennedy School						9yèm rive 12yèm ane
600	NJ Regional Day School						9yèm rive 12yèm ane



PWOGRAM ESPESYALIZE

Kreyatè Zèv Atistik Ia: Joel Cuenca, 8yèm ane, Salomé Ureña Elementary School

PWOGRAM FÒMASYON ESPEYAL

Pwogram Edikasyon Espesyal otonòm Konsèy Edikasyon Newark la ap bay pou ane 2024-2025 pou elèv Jadendanfan rive 8yèm ane yo.

*Endike Lekòl Espesyalize yo.

Pou w ka aprann plis sou lekòl espesyalize nou yo - Bruce Street, 14th Avenue, John F. Kennedy ak NJ Regional Day - Tanpri ale sou: newarkenrolls.org/guidebook

NIVO ESKOLÈ	TWOUB ODITIF	OTIS	TWOUB KONPÒTMANTAL	TWOUB ENTÈLEKTYÈL LEJÈ	TWOUB ENTÈLEKTYÈL MODERE	DIFIKILTE POU APRANN - LEJÈ/MODERE	TWOUB APRANTISAJ KI GRAV	PLIZYÈ ANDIKAP	PLIZYÈ TWOUB KI GEN ENPLIKASYON MEDIKAL
K	Bruce Street*	Branch Brook Camden Street Elliott Jadendanfan rive 2yèm ane First Avenue Fourteenth Avenue* Ivy Hill Louise A. Spencer McKinley Quitman Street Salomé Ureña South Street 13th Avenue	Luis Muñoz Marín Jadendanfan rive 8yèm ane Peshine Avenue 2yèm rive 8yèm ane South 17th Street 2yèm rive 8yèm ane	Avon Avenue	Fourteenth Avenue*	Abington 3yèm rive 8yèm ane (SPAN) Benjamin Franklin 1ye rive 8yèm ane Chancellor Avenue Dr. William H. Horton George W. Carver Lincoln 5yèm rive 8yèm ane Roberto Clemente Speedway	Dr. E. Alma Flagg 1ye rive 8yèm ane East Ward Elementary Jadendanfan rive 7yèm ane Grover Cleveland Harriet Tubman 5yèm rive 8yèm ane Hawthorne Avenue Mount Vernon 5yèm rive 8yèm ane	Fourteenth Avenue JFK* Louise A. Spencer NJ Regional Day* Rafael Hernandez	Belmont Runyon Park Elem.
1									
2									
3									
4									
5									
6									
7									
8									

NIVO ESKOLÈ	TWOUB ODITIF	OTIS	TWOUB KONPÒTMANTAL	TWOUB ENTÈLEKTYÈL LEJÈ	DIFIKILTE POU APRANN - LEJÈ/MODERE	TWOUB APRANTISAJ KI GRAV	PLIZYÈ ANDIKAP	PLIZYÈ TWOUB KI GEN ENPLIKASYON MEDIKAL
-------------	--------------	------	--------------------	------------------------	------------------------------------	--------------------------	----------------	---

Tanpri sonje **TOUT** fanmi kapab aplike pou **NENPÒT** lekòl kominotè an Newark Tout lekòl kominotè yo gen obligasyon pou sèvi tout elèv ki kalifye nan yo, sa gen ladan elèv ki bezwen edikasyon espesyal yo.

9	Technology High School	American History High School 12yèm ane Central High School JFK*	Barringer High School Malcolm X Shabazz High School	Weequahic High School	Barringer High School Central High School 12yèm ane Eagle Academy East Side High School Weequahic High School West Side High School	Barringer High School Central High School West Side High School	East Side High School JFK* NJ Regional Day*	JFK*
10								
11								
12								

Nou dwe sonje tout lekòl segondè ki nan konsèy edikasyon nan Newark la, sa gen ladan I lekòl ekselans yo, pral genyen RCI ak/oswa pwogram RCO yo.

Pou aprann plis konsènan pwogram RCO ak pwogram RCI, tanpri ale sou: newarkenrolls.org

KONDISYON ENPÒTAN

LEKÒL DISTRI: Se Lekòl Konsèy Administrasyon Newark la ap jere. Yo tout kote nan Newark epi yo gen tout klas.

LEKÒL KOMINOTÈ: Se Ajans Edikasyon Lokal (Local Education Agency, LEA) la k ap jere Lekòl Kominotè yo Lekòl Kominotè yo se lekòl piblik ki gratis epi tout elèv k ap viv nan Newark kapab ale ladan yo. Lekòl Kominotè yo twouve yo tout kote nan Newark epi yo gen tout klas.

LEKÒL EKSELANS AK LEKÒL ESPESYALIZE YO: Lekòl ekxelans ak lekòl espesyalize yo se Lekòl distri ki gen pwogram espesyal pou klas 7yèm a 12yèm ane oswa 9yèm a 12yèm ane. Nenpòt elèv kapab aplike pou ale nan yon Lekòl Ekxelans oswa yon Lekòl Espesyalize. Lekòl Ekxelans ak Lekòl Espesyalize yo pran an konsiderasyon kritè akademik ak lòt kritè ankò pou klase elèv yo.

HEAD START: Yon lekòl ki gen pwogram Head Start la ofri yon pwogram preskolè amelyore ki baze sou fanmi ki bay sèvis alimantè, edikasyon, sante ak sipò, san n pa bliye sèvis endividyèl, egzamen pou sante ak pou dan, sipò famiyal, resous kominotè ak sèvis pou reponn ak bezwen espesyal yo.

- Yo egzije Prèv Revni pou Pwogram Head Start la.

FOUNISÈ KI BAZE NAN KOMINOTE A: Lekòl k ap bay sèvis preskolè yo se lekòl prive leta finanse pou elèv ki pase pou klas matènèl yo epi ba yo oryantasyon ki konplè nan domèn edikatif, fanmi ak sante.

PREFERANS FRÈ AK SÈ: Kandida ki gen frè ak sè ki deja nan yon lekòl gen plis chans pou yo antre nan lekòl la lè gen plas ki disponib.

PREFERANS JEWOGRAFIK: Elèv ki enskri nan lekòl yo depi nan matènèl pou rive nan 8yèm ane nan zòn jeyografik pa yo gen plis chans pou yo antre nan lekòl sa yo.

PREFERAN EDIKASYON ESPESYAL: Elèv ki gen yon Plan Edikasyon Pèsonalize (Individualized Education Plan, IEP) epi ki bezwen sèvis edikasyon espesyal kapab gen plis chans pou yo antre nan yon lekòl yo chwazi ki bay sèvis plan edikasyon pèsonalize a mande yo.

LIS ATANT: Etidyan ki fè demann yo men ki pa rive antre nan lekòl yo pa mwayen demann yo a, yo ajoute yo otomatikman sou yon lis rezèv. **Sa aplikab pou moun ki aplike pou lekòl kominotè ak lekòl ekxelans ak lekòl espesyalize yo.**

EVALYE: Lekòl Ekxelans ak Lekòl Ekxelans ak Lekòl Espesyalize Distri yo gen lòt kondisyon elèv yo dwe ranpli pou yo ka aksepte yo.

	PRESKOLÈ (LEKÒL DISTRI AK LEKÒL KOMINOTÈ)	LEKÒL PRIMÈ AK LEKÒL ENTÈMEDYÈ NAN DISTRI	KOMINOTÈ	LEKÒL SEGONDÈ DISTRI	LEKÒL EKSELANS AK LEKÒL ESPESYALIZE NAN DISTRI YO
Preferans frè ak sè	X	X	X	X	
Preferans Jewografik	X	X	X (pa aplikab pou tout lekòl kominotè yo)	X	
Preferans pou Edikasyon espesyal	X	X	X	X	X
Evalye					X
Lis atant	X		X		X

**ANLIY
KOUNYE A**



NEWARK RESOUS KOMINOTÈ

Repètwa nou an gen ladan l'òganizasyon ki nan Vil Newark la epi nan alantou yo ki bay fanmi sèvis ki ede ak ankouraje siksè akademik elèv nou yo. Nou espere li kapab sèvi antanke yon gid itil pou fanmi yo, entèvenan NPS yo ak kominote Newark la.

EDIKASYON AK FÒMASYON POU GRANMOUN
ANRICHISMAN AKADEMIK
PWOGRAM/SÈVIS ANVAN AK APRE LEKÒL
DEVLÒPMAN KARYÈ AK ANPLWA
SÈVIS MERI VIL NEWARK LA
PREPARASYON POU INIVÈSITE AK KARYÈ
FÒMASYON AK EDIKASYON FINANSYE
SÈVIS SANTE
SÈVIS SOSYAL


ENFÒMASYON AK SÈVIS VAKSINASYON
SÈVIS SANTE MANTAL AK KONSÈY
MIZIK, TRAVAY ATISTIK AK MEDYA
SÈVIS/PWOGRAM POU BEZWEN ESPESYAL
ESPÒ AK LWAZI
SÈVIS SIPÒPOU PARAN ADOLESAN YO
BYENNÈT, FÒM FIZIK AK NITRISYON
DEVLÒPMAN POU JÈN

<https://newarkresources.org>

**Èske w gen aksè a yon òdinatè?
Rele Sant Kontak nou an nan 973-733-7333 pou jwenn asistans.**

Si ou se yon Òganizasyon Kominotè epi ou ta renmen enskri nan repètwa nou an, ou kapab annik ale sou sit entènèt nou an.





Hasani K. Council, Prezidan
Dawn Haynes, Vis Prezidan
Vereliz Santana, Vis Prezidan


Josephine C. Garcia
Daniel Gonzalez
Allison K. James-Frison
A'Dorian Murray-Thomas
Crystal Williams

REMÈSIMAN ESPEYAL POU

Tout Lekòl Nou Gen k ap Patisipe yo

NEWARK ENROLLS

Konsèy Edikasyon Newark



ENFÒMASYON KONTAK ENPÒTAN

Pou nenpòt pwoblèm, tanpri ale sou www.nps.k12.nj.us oswa www.newarkenrolls.org pou jwenn dènye enfòmasyon yo.

SI OU GEN KESYON KONSÈNAN PRESKOLÈ AK HEAD START

KOTE	ADRÈS	TELEFÒN	IMÈL
Office of Early Childhood	765 Broad Street Newark, NJ 07102	973-733-6234	newarkprek@gmail.com

SI OU GEN KESYON KONSÈNAN EDIKASYON ESPESYALIZE

KOTE	ADRÈS	TELEFÒN	IMÈL
Office of Special Education	765 Broad Street Newark, NJ 07102	973-733-7314	osemain@nps.k12.nj.us

SI OU GEN KESYON KONSÈNAN EDIKASYON BILENG

KOTE	ADRÈS	TELEFÒN	IMÈL
Office of Bilingual	765 Broad Street Newark, NJ 07102	973-733-8398	mdiaz@nps.k12.nj.us

SI OU GEN KESYON KONSÈNAN SÈVIS POU ELÈV SANZABRI/YO METE DEYÒ

KOTE	ADRÈS	TELEFÒN	IMÈL
Espesyalis Pou Jere ka Sanzabri Sèvis Sipo pou Elèv - Inite Sèvis Espesyal	765 Broad Street Newark, NJ 07102	973-424-4445	añosoria@nps.k12.nj.us

SI OU GEN KESYON JENERAL

KOTE	ADRÈS	TELEFÒN
Konsèy Edikasyon Newark	765 Broad Street Newark, NJ 07102	973-733-7333

NEWARK ENROLLS

A CHOICE FOR ALL STUDENTS



Application Window Opens at 3:00 pm

November 4, 2023

Scan here for English



La ventana de solicitud se abre a las 3:00 pm

4 de noviembre de 2023

Escanea aquí para español



A janela do aplicativo abre às 3:00 pm

4 de novembro de 2023

Digitalize aqui para português



La fenêtre d'application s'ouvre à 15h00

4 novembre 2023

Scannez ici pour le français




Fenèt aplikasyon an ouvè a 3:00 pm

4 Novanm 2023

Eskane isit la pou kreyòl

NEWARK ENROLLS

A CHOICE FOR ALL STUDENTS




Newark Enrolls Guidebook




Guía de inscripción de Newark



Guia de matrículas de Newark



guide d'inscription pour Newark



gid enskripsyon pou newark



NEWARK ENROLLS

Se lekòl ak Depatman NBOE konsène yo ki te voye epi verifye enfòmasyon ki nan dokiman sa a. Nou te mete li ajou nan moman nou te pibliye gid sa a. Tanpri ale sou www.newarkenrolls.org pou jwenn dènye enfòmasyon yo.

WWW.NEWARKENROLLS.ORG